



Pou Piblikasyon Imedya: 06/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MIZAJOU NAN ZÒN ENTÈVANSYON
MIKWO-GWOUPMAN COVID-19 YO**

***Baze sou pwogrè kontwole pwopagasyon COVID la, sou chanjman zòn yo nan
Brooklyn, Queens - Far Rockaway, ak Rockland ak Konte Orange***

***Zòn yo pa chanje nan Queens - Kew Gardens/Forest Hills ak Broome, Konte
Steuben ak Konte Chemung***

Nouvo Zòn Prekosyon Jòn nan Port Chester, Konte Westchester

***SUNY dwe teste tout etidyan yo ki nan kanpis la a anvan jou ferye yo; Yo mande
kolèj prive yo pou konsidere plan ki similè***

***To tèz pozitif nan tout zòn entèvansyon yo se 3.16 pousan; Pozitivite Eta New
York andeyò tout espas entèvansyon yo se 1.84 pousan***

Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 1.99 pousan

18 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse mizajou sou zòn entèvansyon mikwo-gwoupman COVID-19 nan Eta New York. Espas entèvansyon nan Zòn Wouj Brooklyn yo gen nouvo limit pou yo refleto yon diminyon to pozitivite ak nouvo ka chak jou nan sèten katye. Baze sou mezi done yo ki gen ladan rezilta tèz ak to ospitalizasyon, yo retire zòn jòn Queens - Far Rockaway la; Yo pral chanje espas entèvansyon zòn wouj Konte Rockland a an yon zòn avètisman oranj; epi yo pral zòn oranj Konte Orange lan an yon zòn jòn prekosyon. Yo pa pral chanje zòn entèvansyon nan Queens - Kew Gardens/Forest Hills ak Konte Broome, Steuben ak Chemung. Gouvènè a te anonse tou yon nouvo espas zòn entèvansyon jòn pou prekosyon nan Konte Westchester.

SUNY pral teste etidyan an pèsòn li yo anvan yo voye yo lakay yo pou Thanksgiving lan epi yo pral kenbe yo lakay yo pou tout rèz semès la. Gouvènè a te mande pou kolèj prive yo nan New York konsidere adopte plan ki similè

"An tèm kontèks, li evidan ke nou nan yon faz diferan ak COVID la, e nou te pale sou li pandan plizyè semèn, men nou dwe konplètman rekonèt li. Faz otòn lan ke tout syantis yo te prevwa te pral vin pi mal. Ou ap konstaste ogmantasyon mondyal ak nasyonal ki

dramatik, e sa se nouvo reyalite COVID la. Defi a pou eta nou an, tankou lòt eta yo, se jere ogmantasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral modifye kèk zòn mikwo-gwoupman an repons pou deklive to pozitivite yo. Nan Konte Erie, Monroe, ak Konte Onondaga, nou pral etidye yo pandan wikenn lan. Nou pral pale ak ofisyèl eli yo nan fen semèn nan, pou nou eseye chèche konnen egzakteman sa k'ap pase, pou nou ka devlope yon estrateji mikwo-gwoupman ki reponn. Men, nan chif sa yo, ak nan zòn sa yo, yon repons mikwo-gwoupman apwopriye. Nou adapte estrateji mikwo-gwoupman ak detay yo nan zòn sa a, epi se poutèt sa nou vle gen konvèsasyon nan fen semèn nan epi answit mwen pral bay yon anons lendi sou egzakteman sa nou pral fè. Lye sa yo se kote ki pi wo nan eta a, men ankò, yo pi ba pase Connecticut, New Jersey ak Pennsylvania."

Modifikasyon nan Zòn Entèkansyon Aktyèl yo

Zòn Wouj Brooklyn ki Modifye ak Nouvo Zòn Jòn - Klike [Isit la](#) pou Kat la

Depi nan kòmansman mwa oktòb la, Zòn Wouj Brooklyn lan te konstate yon bèss pozitivite ki soti nan 5.9% a 3.1% Dapre done prevalans ka yo ak analiz kote to pozitivite yo rete wo ak kote yo te diminye, yo te redevlope Zòn Wouj Brooklyn lan pou yo te enkli yon zòn jewografik ki pi piti ak yon espas zòn tanpon Jòn ki modifye.

Yo retire Zòn Jòn Queens - Far Rockaway la

Pozitivite a nan zòn sa a te toujou plase nan 1% -2% efektivman sou yon peryòd dis jou ak chif ospitalizasyon ak nouvo ka chak jou ki ba. Yo pral retire zòn sa a epi yo pral kontinye kontwole ka yo.

Zòn wouj Konte Rockland lan chanjman an Zòn Prekosyon Oranj, Zòn Tanpon Jòn yo Rete - Klike [Isit la](#) pou Kat la

Depi nan kòmansman mwa oktòb la, Zòn Wouj Rockland a te konstate yon bèss pozitivite ki soti nan 9.8% a 3.6%, sa ki satisfè mezi yo pou tranzisyon ki soti nan yon Zòn Wouj an yon Zòn Avètisman Oranj. Zòn tanpon jòn lan ap rete.

Zòn Wouj Konte Orange lan chanjman an Zòn Jòn - Klike [Isit la](#) pou Kat la

Zòn entèkansyon Avètisman Konte Oranj lan anba 3% pozitivite, epi to admisyon nan lopital yo sa ki satisfè metrik yo pou tranzisyon an yon Zòn Prekosyon Jòn. Yo pral retire zòn tanpon an.

Zòn Entèkansyon yo San Modifikasyon

Queens - Kew Gardens/Forest Hills - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik: Pozitivite nan zòn sa a kounye a se 2.69% (7-jou mwayèn mobil), ki efektivman stab sou yon peryòd dis jou. Zòn ki pa gen kenn chanjman.

Konte Broome - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik: Zòn Prekosyon Jòn lan pa chanje (4.05% aktyèlman 7-jou pozitivite, li desann soti nan 7.44% dis jou de sa)

Konte Steuben - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik: Zòn Prekosyon Jòn lan pa chanje (4.15% aktyèlman 7-jou pozitivite, li desann soti nan 6.22% dis jou de sa)

Konte Chemung - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik:

Zòn Avètisman Oranj lan pa chanje (6.84% aktyèlman 7-jou pozitivite, li desann soti nan 8.02% dis jou de sa)

Nouvo Zòn Entèkansyon yo

Konte Westchester - Nouv Zòn JòN - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik

Zòn Port Chester sou fwontyè Connecticut la te deja gen yon to pozitivite mwayèn soutni pi wo 2.5%, ak ogmantasyon nan nouvo ka pozitif ak admisyon nan lopital, sa ki satisfè mezi yo pou yon deziyasyon zòn jòn. An repons a yon ogmantasyon nan ka yo nan Port Chester, NY, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York, Depatman Sante Konte Westchester ak Open Door Family Medical Center te kowòdone pou founi tès rapid nan yon nouvo sit anba a. Pou pwograme yon randevou, swiv lyen sa souple. <https://apps.health.ny.gov/doh2/applinks/cdmspr/2/counties?OpID=11900360> oswa rele 914-995-7425.

Open Door
5 Grace Church Street
Port Chester, NY 10573

Samdi 7 novanm, soti 9:00 AM - 2:00 PM
Lendi 9 novanm, soti 10:00 AM - 5:00 PM
Madi 10 novanm, soti 10:00 AM - 5:00 PM

Gouvènè a te remake pousantaj tès pozitif nan tout espas entèkansyon yo nan kad estrateji Mikwo-Regwoupman Eta a se 3.16 pousan, epi andeyò espas entèkansyon an se 1.84 pousan. Nan espas entèkansyon yo, yo te rapòte 19,084 rezilta tès yè, ki te bay 604 ka pozitif. Nan rès Eta a, san konte espas entèkansyon sa yo, yo te rapòte 141,621 rezilta tès, ki te bay 2,605 ka pozitif. Tout rezilta tès yo te rapòte yè yo, jou anvan an, wotasyon mwayen sou 7 jou, ak de semèn pase yo anba a:

ZÒN ENTÈKANSYON	04/10-10/10 % Pozitif	11/10-17/10 % Pozitif	18/10-24/10 % Pozitif	25/10-31/10 % Pozitif	Wotasyon mwayen sou 7 jou	Jou anvan (4/11) % Pozitif	% Pozitif yè (5/11)
-----------------	-----------------------	-----------------------	-----------------------	-----------------------	---------------------------	----------------------------	---------------------

% Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Brooklyn yo	5.86%	5.29%	4.44%	4.14%	3.08%	2.96%	2.90%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Brooklyn yo	1.36%	1.93%	2.38%	2.68%	2.63%	3.06%	2.84%
% pozitiv espas entèvansyon nan zòn jòn Queens Kew Garden Hills / Forest Hills	2.27%	2.03%	2.40%	2.68%	2.69%	2.68%	3.20%
% pozitiv espas entèvansyon nan zòn jòn Queens Far Rockaway yo	2.71%	2.70%	2.00%	2.16%	2.12%	1.63%	1.93%
% Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Rockland yo	9.77%	4.54%	3.65%	4.33%	3.58%	3.81%	2.65%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn oranj Orange	12.41%	4.62%	2.64%	2.57%	2.78%	0.75%	8.28%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Broome	3.63%	4.05%	6.39%	4.25%	4.05%	3.47%	4.15%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Steuven	7.82%	7.52%	4.42%	4.50%	4.15%	3.68%	1.75%
% Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn abriko Chemung	6.49%	7.12%	8.36%	6.10%	6.84%	6.64%	7.33%
% Pozitif tout espas entèvansyon nan tout Eta a	3.18%	3.00%	3.27%	3.23%	3.00%	3.04%	3.16%
% Pozitif <u>ki gen</u> tout espas entèvansyon yo ladan l nan tout Eta a	1.18%	1.16%	1.31%	1.54%	1.72%	1.86%	1.99%
% Pozitif <u>san tout</u> espas entèvansyon	1.01%	1.06%	1.06%	1.34%	1.55%	1.70%	1.84%

yo pa ladan l nan tout Eta a							
---------------------------------	--	--	--	--	--	--	--

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 1,321 (+44)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 202
- **Lopital Konte yo** - 45
- **Kantite ICU** - 285 (+17)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 129 (+1)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 80,368 (+143)
- **Kantite Lanmò** - 18
- **Kantite Lanmò Total** - 25,910

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	MADI	MÈKREDI	JEDI
Capital Region	1.2%	1.3%	1.7%
Central New York	2.7%	2.1%	2.5%
Finger Lakes	2.9%	3.7%	3.2%
Long Island	1.1%	2.0%	1.9%
Mid-Hudson	2.5%	2.4%	2.5%
Mohawk Valley	0.6%	0.8%	1.2%
New York City	1.3%	1.6%	1.9%
North Country	1.9%	0.6%	1.4%
Southern Tier	1.1%	1.1%	1.0%
Western New York	3.4%	3.3%	3.3%

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	MADI	MÈKREDI	JEDI
Bronx	1.4%	1.9%	2.2%
Brooklyn	1.6%	1.7%	2.0%
Manhattan	0.9%	1.2%	1.0%
Queens	1.2%	1.6%	2.0%
Staten Island	2.1%	3.0%	3.5%

Nan total 522,021 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,942	65
Allegany	414	25

Broome	3,927	43
Cattaraugus	591	9
Cayuga	496	10
Chautauqua	1,094	13
Chemung	2,046	50
Chenango	449	6
Clinton	292	4
Columbia	782	8
Cortland	622	9
Delaware	222	9
Dutchess	5,710	41
Erie	14,338	215
Essex	213	1
Franklin	114	9
Fulton	372	2
Genesee	450	9
Greene	527	4
Hamilton	19	0
Herkimer	434	10
Jefferson	260	11
Lewis	171	4
Livingston	393	18
Madison	627	11
Monroe	8,398	161
Montgomery	292	9
Nassau	51,164	246
Niagara	2,274	43
NYC	268,663	1,203
Oneida	2,993	47
Onondaga	6,257	135
Ontario	778	20
Orange	14,221	86
Orleans	429	7
Oswego	711	22
Otsego	440	3
Putnam	1,921	25
Rensselaer	1,175	14
Rockland	18,756	73
Saratoga	1,503	21
Schenectady	1,687	21
Schoharie	120	1

Schuyler	172	6
Seneca	167	4
St. Lawrence	461	12
Steuben	1,176	17
Suffolk	50,210	177
Sullivan	1,882	20
Tioga	792	17
Tompkins	678	3
Ulster	2,599	11
Warren	475	1
Washington	377	16
Wayne	639	17
Westchester	41,720	178
Wyoming	230	4
Yates	156	3

Yè, te gen 18 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,910. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Allegany	2
Cayuga	1
Dutchess	2
Kings	4
Nassau	2
Oneida	2
Onondaga	1
Queens	1
Schenectady	1
Tioga	1
Westchester	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)